

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa jeung kabudayaan boga hubungan anu raket. Salah sahijina nyaéta ku cara mertahankeun kabudayaan warisan ti para luluhur. Kabudayaan bisa ngahasilkeun rupa-rupa tradisi. Dina kabudayaan aya nu disebut adat istiadat atawa tradisi. Danadibrata (2015, kc. 710) nétélakeun yén tradisi nyaéta kabiasaan atawa adat istiadat. Masarakat Sunda kasohor ku rupa-rupa budayana. Nepi ka kiwari loba kénéh masarakat anu nyekel pageuh kana adat istiadat dina waktu rék ngalaksanakeun pagawéan, hajat, tatanén, jeung sajabana.

Tradisi Mitembeyan Tandur mangrupa tradisi anu aya di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut. Danadibrata (2015, kc. 442) nétélakeun yén mitembeyan téh asalna tina kecap “tambayan” anu hartina nembé atawa kakara ngamimitian. Ilaharna sok dipaké dina rék ngamimitian kagiatan. Danadibrata (2015, kc. 676) nétélakeun yén tandur asal kecapna tina “tanjur” anu hartina pagawéan ngaliarkeun binih paré tina pawinian (pabinihan) kana kotakan. Jadi tradisi Mitembeyan Tandur téh ngamimitian rék melak paré tina pawinian kana kotakan sawah. Sedengkeun Cita & Hasibuan (2019) nétélakeun yén tradisi Mitembeyan Tandur mangrupa mapatkeun jangjawokan jeung nyuguhkeun sasajén ka para luluhur dina waktu rék ngamimitian pepelakan salaku wangun rasa hormat ka Dewi Sri. Dewi Sri di Indonésia aya patalina jeung mitos ngeunaan asal-muasal paré.

Ieu mitos téh aya di sababaraha daérah nu caritana méh sarua ngeunaan tutuwuhan anu asalna tina awak awéwé. Anapon tradisi Mitembeyan Tandur téh salah sahiji kabiasaan anu masih tetep dilaksanakeun di masarakat Sunda, hususna di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut. Bauto (2014, kc. 13) nétélakeun yén kabudayaan anu aya di unggal daérah mangrupa budaya lokal, sabab kabudayaan lokal mangrupa hasil cipta, karsa, jeung rasa anu mekar di hiji tempat.

Waktu rék ngalaksanakeun tradisi Mitembeyan Tandur teu sagawayah, contona aya istilah palintangan nyaéta élmu béntang anu jadi tradisi lokal jeung kayakinan masarakat jaman baheula. Biasana sok aya titik tilu dina béntang atawa bisa ditingali tina kaayaan panon poé. Lamun panon poé geus lingsir ka kidul cirina geus arék usum hujan. Sedengkeun lamun panon poé lingsir ka kalér bakal usum halodo. Salian ti éta, biasana sok nungguan ayana hujan munggaran. Dina poéan arék melak paré ogé aya aturan weton. Adam spk. (2019) dina artikel jurnal terindeks Sinta, nandeskeun yén kabudayaan anu aya téh teu leupas tina unsur-unsur spiritual, salah sahijina nyaéta kapercayaan-kapercayaan anu mitos.

Kabudayaan miboga tilu wujud, nyaéta ide atawa konsép, wangun hasil karya, jeung aktivitas (Koéntjaraningrat 1985, kc. 5). Saluyu jeung pamadegan anu ditepikeun ku Koéntjaraningrat, dina tradisi Mitembeyan Tandur miboga unsur sémiotik anu nyangkaruk dina tilu wujud kabudayaan. Pikeun mesék unsur nu nyangkaruk dina tradisi Mitembeyan Tandur, ieu panalungtikan maké élmu sémiotik (*semiotics*) anu ngabahas ngeunaan tanda jeung lambang. Dinamika masarakat Sunda ti waktu ka waktu tetep nuduhkeun hal anu positif, sabab aya ajén ngeunaan kahirupan dina kabudayaan masarakat.

Di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut, masarakat geus jarang anu ngalakukeun tradisi Mitembeyan Tandur. Éta hal téh balukar tina robahna jaman atawa waktu. Salaku anu ngawariskeun budaya, masarakat Sunda sawadina bisa miara kana éta budaya, ogé kudu bisa ngamumulé.

Ieu panalungtikan téh ngaguar unsur sémiotik anu nyampak dina tradisi Mitembeyan Tandur, hususna di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut. Panalungtik nyokot hiji tiori nu dipaké pikeun mesék ieu pedaran nyaéta tiori Charles Sanders Peirce (dina Hoed 2014, kc. 9-10) nétélakeun yén tanda téh kabagi tilu nyaéta 1) ikon, 2) indeks, 3) simbol. Tiori Charles Sanders Peirce luyu jeung ieu panalungtikan, lantaran ngaguar ngeunaan unsur tina sakabéh runtuyan kagiatan Mitembeyan Tandur nu aya di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut.

Panalungtikan Mitembeyan Tandur kungsi ditalungtik ku sababaraha panalungtik di antarana: Nurlaila spk. (2024) ngeunaan “*Dampak Akulturasi Budaya Islam terhadap Upacara Mitembeyan di Subang*”; Zaenudin spk. (2019) ngeunaan “*Mitembeyan dalam Tinjauan Budaya Visual*”; Trismayanti (2019) ngeunaan “*Istilah Tradisi Tatanén Nyawah di Désa Sukadana Kacamatan Pageurageung Kabupatén Tasikmalaya Pikeun Bahan Ajar Maca Artikel di SMA*”; Maulida (2015) ngeunaan “*Perkembangan upacara adat Mitembeyan di Desa Linggamukti Kabupaten Purwakarta Tahun 1984-2005 Suatu Kajian Historis terhadap Kehidupan Sosial Budaya.*”

Nilik kana panalungtikan saméméhna, sanajan geus réa anu nalungtik ngeunaan mitembeyan, tapi can aya nu nalungtik ngeunaan tradisi Mitembeyan Tandur dina wengkuan sémiotik. Éta hal jadi salah sahiji tatapakan panalungtikan pikeun medar Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut.

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis unsur sémiotik anu nyampak dina Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut. Sakabéh masarakat hususna di tatar Sunda dipiharep bisa mikawanoh jeung bisa ngamumulé ieu tradisi. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan ‘Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut’.

1.2 Rumusan Masalah

Pikeun nyangking gambaran lengkep ngeunaan Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut, dumasar kana kasang tukang di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kalengkepan naon waé anu nyampak dina Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut?

- 2) Kumaha aturan anu nyampak dina Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut?
- 3) Kumaha prak-prakan Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut?
- 4) Naon waé unsur sémiotik anu nyampak dina Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina hakékatna pasti miboga tujuan, kitu deui dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan aya udagan nu hayang dihontal. Ku kituna ieu panalungtikan miboga tujuan kayaning ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan umum, nyaéta minangka salah sahiji tarékah dina maluruh jeung ngamumulé kabudayaan, hususna dina Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Kalengkepan anu nyampak dina Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut;
- 2) Aturan anu nyampak dina Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut;
- 3) Prak-prakan Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut;
- 4) Unsur sémiotik anu nyampak dina Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut.

1.4 Manfaat/Signifikasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré manfaat pikeun balaréa, boh manfaat tioritis, boh manfaat praktis.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga tujuan jeung manfaat pikeun pangaweruh ngeunaan budaya jeung adat istiadat, salah sahijina nyaéta Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut.

1.4.2 Manfaat Praktis

Manfaat praktis anu bisa dipiharep jeung kahontal tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun masarakat Sunda wanoh kana adat istiadat dina Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut.

1.5 Ambahan Panalungtikan

Ambahan panalungtikan dijieun pikeun watesan dina nangtukeun sawatara perkara anu bakal dipedar dina ieu panalungtikan kayaning ieu di handap.

Bab I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manfaat panalungtikan, jeung ambahan panalungtikan.

Bab II Ulikan Tiori, medar ngeunaan ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga tiori.

Bab III Méthode Panalungtikan, medar ngeunaan désain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, prosedur/alur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, medar ngeunaan kalengkepan, aturan, prak-prakan jeung unsur nu nyampak dina Tradisi Mitembeyan Tandur di Kampung Simpangsari, Désa Mekarsari, Kacamatan Cibalong, Kabupatén Garut.

BAB V Kacindekan, medar ngeunaan kacindekan jeung rékomendasi.